

Pa Anba Je, PA Vle Di Bliye: **Enfòmasyon Enpòtan pou Paran Ki nan Prizon Ki Gen Pitit nan Fanmi Akèy**

Administrasyon pou Sèvis
Timoun Vil New York

Bill de Blasio, Majistra
David A. Hansell, Komisyonè



Remak

Tabdèmatyè

Entwodiksyon..... 1

Dwa ak Responsabilite Paran

Dwa w Kòm Paran..... 2
Lis Verifikasyon Dwa Paran..... 5
Responsabilite w Kòm Paran 7
Lis Verifikasyon Responsabilite Paran 9
Responsabilite Jiridik nan Tribunal Fanmi 10
Kesyon pou w Poze Avoka W la..... 12
Enfòmasyon Enpòtan pou Papa..... 13
Sipò timoun..... 16
Esplikasyon Mo ki gen Rapò ak Fanmi Akèy 17
Modèl Lèt pou Tribunal Fanmi 23
Resous 25

Remak Ou: Fè yon Dosye

Enfòmasyon Enpòtan sou Dosye M nan 26
Dosye Kontak Paran/Timoun..... 30

Remak

Remèsiman

Yo ekri liv sa a ak patisipasyon anpil moun ak manman ak papa ki nan prizon aktyèlman oswa ki te nan prizon, founisè sèvis, avoka, ak pèsonèl Administrasyon Sèvis Timoun (ACS). Nou remèsyé tout moun pou kontribisyon ak konsèy yo, yon remèsiman espesyal pou manm Komite Manman ki nan Prizon nan Pwojè Fi ki nan Prizon ak pèsonèl Pwogram pou Timoun ki gen Paran nan Prizon (CHIPP) pou gwo kontribisyon yo, gwo travay ak devouman konstan yo.

Remak

Entwodiksyon: Plan Pou Avni Ptit Ou

Si w nan prizon, epi ou gen ptit nan fanmi akèy, tiliv sa a se pou ou. L ap ba w enfòmasyon enpòtan sou sistèm pwoteksyon timoun nan, ak dwa w ak responsabilite w anvè ptit ou a ki nan fanmi akèy. Petèt ptit ou a te ka nan fanmi akèy avan w te nan prizon oswa li te plase nan fanmi akèy aprè arrestasyon w ak anprizònman w, oswa pandan anprizònman w. Antouka, sitiyasyon aktyèl ou kapab difisil epi li kapab fristre w anpil. Ou kapab enkyè pou ptit ou yo, yo kapab manke w, epi w ap mande si ou kapab jwe wòl paran nan sikonstans difisil sa yo epi kòman sa kapab rive fêt. Byenke se difisil epi sitiyasyon an pa menm jan ak avan – ou kapab jwe wòl paran pandan w nan prizon epi li enpòtan anpil pou w fè tout sa k posib pou w rive fè sa.

Menmsi w nan prizon, li **enpòtan anpil** pou w planifye avni ptit ou aktivman. Lè ptit ou nan fanmi akèy, planifye aktivman vle di patisipe nan dosye ACS yo epi rete an kontak ak asistan sosyal la. Pou w rejwenn ptit ou a lè yo libere w (si pèn ou an pa twò long), ou dwe montre ou se yon paran responsab, ou enplike nan lavi ptit ou a, epi ou abòde pwoblèm ki fè yo plase ptit ou a nan fanmi akèy. Tout sa yo dwe fèt nan delè presi.

Tiliv sa a ap ba w enfòmasyon ak resous k ap ede w fè sa. Li gen yon lis dwa ak responsabilite paran, de (2) lis verifikasyon pou w ranpli, esplikasyon sou tèm yo itilize souvan ki gen rapò ak fanmi akèy, yon lis resous, ak yon fich enfòmasyon sou dosye ptit ou a.

FICH KONTAK

Dwa ak Responsabilite Paran

Kòm paran yon timoun ki nan fanmi akèy, ou gen kèk dwa ak responsabilite. Asistan sosyal ou a kapab reponn pakèt kesyon ou genyen yo. Ou dwe pale ak avoka Tribunal Fanmi w lan tou kou sa posib pou w fè l konnen ki kote w ye epi pou w elabore yon plan pou dosye w la pandan anprizònman w.

Pou w resevwa sèvis ou gen dwa ak yo a epi pou w montre asistan sosyal ou a ou pran responsabilite w kòm paran, li enpòtan anpil pou w devlope yon relasyon ak asistan sosyal ou a – li se yon moun enpòtan kounya nan lavi fanmi w, epi ni ou menm ni ptit ou a ap tire pwof si oumenm ak asistan sosyal ou a travay ansanm ann ekip. Se pa toujou yon bagay ki fasil pou w fè men li enpòtan anpil.

Dwa w kòm Paran

- ❖ Ou gen dwa pou w konnen poukisa yo plase ptit ou nan fanmi akèy, nan ki ajans yo plase l, epi sa w dwe fè pou w rejwenn li.
- ❖ Ou gen dwa pou w idantifye yon manm fanmi oswa yon lòt moun resous ou ta renmen ptit ou a viv avè l, kòm yon altènativ pou fanmi akèy oswa pou yo vin paran akèy. ACS ap egzamine chwa sa a epi l ap diskite avè w sou posibilité pou sa fèt.
- ❖ Ou gen dwa pou w konnen kilès asistan sosyal ACS ou a ye, epi kòman pou w kontakte l ak sipèvizè l pou tout kesyon ak enkyetid konsènan ptit ou a. Si yo chanje asistan sosyal ptit ou a, ou gen dwa pou yo enfòme w sou chanjman sa a atan.

Nimewo Idantifikasiyon (Idantifikasiyon Eta New York ak nimewo admisyon ak dosye oswa DIN): _____

Etablisman: _____

Ajans: _____

| Pwogramme Dat Vizit | Dat Vizit Efektif la oswa Rezon kifè ou Rate Vizit la | Lèt Yo Voye Kilès, Dat, Adrès | Repons Dat | Non Moun ki Reponn nan ak Dat |
|------------------------|--|-------------------------------------|---------------|-------------------------------------|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

tantativ kontak. Dosye sa a dokimante efò w pou w kontakte ptit ou epi pou w planifie pou yo.

PARAN/PITIT

Non Paran: _____

Non Pitit ou a(yo): _____

| Nimewo Telefòn yo Rele | Dat apèl la | Non Moun/Ajans yo Rele | Èske yo Kite Mesaj? |
|------------------------|-------------|------------------------|---------------------|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Li enpòtan anpil pou w konsève dosye sa a pou chak kontak (telefòn, lèt, fas a fas) epi

Dwa w kòm Paran

- ❖ Ou gen dwa pou w deziyen yon avoka pou reprezante w nan tout pwosedi Tribunal Fanmi konsènan fanmi akèy/dosye ACS ou a, menm ant 2 dat ajounman (tribunal).
- ❖ Ou gen dwa pou w benefisyè sèvis ki disponib pou ede w rezoud pwoblèm ki debouche sou plasman pitit ou a nan fanmi akèy (paregzanp: klas sou wòl paran, tretman toksikomani ou moun ki pran dwòg, elatriye.)
- ❖ Ou gen dwa pou w konnen objektif pèmanans pitit ou a ak plan sèvis li (ale nan esplikasyon mo yo, nan paj 17), epi pou w konnen sèvis ak pwogram ou dwe kowopere ak yo a, ak objektif ou dwe atenn yo. Ou gen dwa pou w resevwa yon notifikasyon alekri tou sou dat Konferans Ekip Fanmi (FTC) y ap bay fanmi w lan 14 jou avan konferans sa a. Yo fè yon SPR chak 6 mwa.
- ❖ Ou gen dwa pou w patisipe nan Konferans Ekip Fanmi (FTC) lan menmsi sa kapab difisil lè w nan prizon. Nan kèk ka (an fonksyon kote w nan prizon an), li kapab posib pou yo fè SPR la nan etablisman w lan. Si sa pa posib, ou kapab patisipe gras ak konferans telefonik konseye koreksyonèl ak asistan sosyal ou a òganize. Antouka, ou gen dwa pou w resevwa yon kopi plan sèvis yo te prezante epi elabore nan konferans lan. Yo dwe voye l ba ou 10 jou aprè reyinyon an.

Dwa w Kòm Paran

- ❖ Ou gen dwa pou w vizite pitit ou a. Sof si Tribunal la deside sa dwe fèt lòt jan, ajans/ACS ou a dwe fè efò pou l'facilitate omwen yon vizit pa mwa si w nan prizon nan zòn twa (3) Eta sa yo (NY, NJ, CT). Si distans oswa règ etablisman an rann vizit pa mwa yo difisil, ou gen dwa pou w gen lòt fòm kontak ak pitit ou a, tankou apèl telefonik, televizit ak kourye lapòs. Yo dwe facilitate vizit chak mwa omwen yo; pou sa, yo ka transfere w pi prè oswa lè règ vizit yo chanje pou otorize vizit. Si w pa resevwa vizit regilyèman oswa vizit ou yo pa satisfè w, ou dwe kontakte asistan sosyal ou a oswa sipèvizè l. Ou kapab rele Liy Asistans Biwo Defans Dwa Paran ak Timoun nan 212-619-1309 a frè vire.
- ❖ Ou gen dwa pou yo enfòme w sou pwochen randevou Tribunal Fanmi epi pou w konparèt pou pwosedi sa yo. Si w konnen pwochen dat pou w konparèt la, ou dwe pale sa ak avoka w, asistan sosyal ou ak Konseye Koreksyonèl ou a pou yo mande pou w konparèt. Ou kapab ekri Jij Tribunal Fanmi w lan tou pou w mande l pou w konparèt nan tout pwosedi konsènan pitit ou a. Gen yon modèl lèt nan paj 23.
- ❖ Ou gen dwa pou yo enfòme w sou sante ak devlòpman pitit ou a, sou konpòtman l ak pwogrè l nan lekòl li, epi pou w resevwa kopí kanè pitit ou a. Ou gen dwa pou w bay konsantman w pou (pifò swen medikal pitit ou resevwa (sof si yo anile dwa paran w lan).

Enfòmasyon Enpòtan Anplis Konsènan Dosye ACS Mwen an

Plan Liberasyon Ou:

Lojman: _____

Travay: _____

Vizit/reyinifikasyon ak timoun nan(yo): _____

Pwogram Aprè Liberasyon: _____

Enfòmasyon Enpòtan Anplis Konsènan Dosye ACS Mwen an

Enfòmasyon Mwen Genyen sou Tribunal Fanmi se:

Non Jij la: _____

Tribinal Fanmi ak Seksyon: _____

Randevou tribunal: _____

Plan Sèvis:

Sèvis yo mande m fè (bay tout epi koche sa w fè deja yo): _____

Dat yo prevwa pou Liberasyon: _____

Lis Verifikasyon nimewo 1: Dwa m Kòm Paran

- Mwen gen dwa pou m konnen rezon kifè yo mete pitit mwen an nan fanmi akèy.
- Mwen gen dwa pou m idantifye fanmi oswa lòt moun mwen ta renmen ACS anvizaje kòm resous pou okipe pitit mwen an pandan anprizònman m.
- Mwen gen dwa pou m deziyen yon avoka pou reprezante m nan tout pwosedi Tribunal Fanmi konsènan dosye fanmi akèy/ACS mwen an.
- Mwen gen dwa pou m konnen non asistan sosyal pitit mwen an, non sipèviziè l, ak non ak adrès ajans fanmi akèy la.
- Mwen gen dwa pou yo enfòme m sou demach mwen dwe fè pou rejwenn m pitit mwen an.
- Mwen gen dwa pou m resevwa èd pou m fè demach sa yo (paregzanz, pou yo oryante m nan klas sou wòl paran oswa nan pwogram tretman toksikomani; pou m resevwa èd pou m jwenn lojman).
- Mwen gen dwa pou m patisipe nan elaborasyon plan sèvis ak pèmanans pitit mwen an, epi pou m resevwa yon kopi plan sa a.
- Mwen gen dwa pou yo enfòme m alavans sou dat egzamen plan sèvis fanmi m (SPR), pou m patisipe nan rankont sa a konsènan pitit/dosye mwen an, epi pou m resevwa yon kopi plan sa a 10 jou aprè rankont la.
- Mwen gen dwa pou m vizite pitit mwen an (sof si yon Òdonans Tribunal entèdi vizit) epi pou m patisipe nan elaborasyon plan vizit pitit mwen an. Pandan m nan prizon an, mwen gen dwa pou m vizite pitit mwen an omwen yon fwa pa mwa.

Lis Verifikasyon nimewo 1: Dwa M Kòm Paran

- Mwen gen dwa pou m konnen dat randevou Tribunal Fanmi yo epi pou m konparèt nan dat sa yo. Mwen dwe pale sa ak asistan sosyal mwen ak avoka m avan chak randevou tribinal, epi mwen kapab ekri Jij la mwenmenm. Si pou yon rezon kèlkonk mwen pa konparèt, mwen dwe kontakte avoka m nan oswa asistan sosyal mwen an imedyatman.
- Si yo transfere dosye ptit mwen an bay yon lòt asistan sosyal, mwen gen dwa pou yo enfòme m epi pou m resevwa nouvo kontak la.
- Mwen gen dwa pou yo ban m enfòmasyon ki ajou sou sante ak devlòpman ptit mwen an, sou konpòtman jeneral li ak pwogrè I nan lekòl li, epi pou m resevwa kopi rapò medikal ak kanè I. Mwen gen dwa pou m bay konsantman m pou (pifò) swen medikal ptit mwen an resevwa (sof si yo anile dwa m kòm paran).

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Dosye ACS Mwen an

Paran akèy ptit mwen an(yo) se:

Ptit mwen an(yo) rete (adrès):

Non ak adrès lekòl timoun nan(yo):

Responsab legal timoun nan(yo) (non, nimewo telefòn, adrès):

Non ak nimewo avoka m nan se:

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Dosye ACS Mwen an

Non timoun nan(yo) ak dat nesans:

Pitit mwen an sou responsabiliteResponsabilite:

Non Ajans la: _____

Adrès: _____

Non Ajan k ap travay sou Dosye a: _____

Nimewo Telefòn: _____

Non Sipèvize a: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo dosye ACS pitit mwen an(yo) se:

Non dosye ACS pitit mwen an(yo) se (non manman an):

ResponsabiliteResponsabilite w kòm Paran

Planifikasyon

- ❖ Pou w rekipere gad ptit ou a, ou dwe kapab pwouve ou enplike nan lavi I epi w ap planifye avni I. Sa enplike pou w pran dispozisyon pou ptit ou a gen yon fwaye pèmanan pandan ou nan prizon, epi pou w fè planifikasyon pou li lè w libere, sitou si yo prèske libere w. Pandan anprizònman w, plan sa a kapab prevwa pou ptit ou a viv ak yon fanmi oswa yon zanmi ACS te egzaminen epi apwouve ki te aksepte okipe I, oswa pou l benefisyé yon lòt aranjman legal.
- ❖ Si w pa kapab jwenn yon kote timoun ou an ka itilize kòm yon rezidans pèmanan li, y ap plase ptit ou a kay yon paran akèy ki pa manm fanmi w epi k ap dispoze adopte I, si reyinifikasyon pa posib. Ou dwe sonje fanmi akèy se yon plasman tanporè ki pa dwe dire plis pase 15 mwa, sof pou kèk eksepsyon, si w nan prizon.
- ❖ Ajans lan/ACS responsab pou l travay avèk ou, epi ou responsab pou w travay epi pou w kowopere ak ajans lan. Sa vle di pou w kominike ak yo epi pou w dakò suiv plan sèvis la (ou dwe gen yon mo pou w di sou plan sa a epi ou kapab eksprime bezwen w ak dezakò w tou). Si w refize travay ak ajans lan, ajans lan kapab al nan tribunal pou ou epi rapòte ou "pa planifye" avni ptit ou a epi kòm konsekans, yo kapab mande pou yo anile dwa ou genyen kòm paran.
- ❖ Si w panse ajans lan pa travay avèk ou oswa yo pa byen reprezante w, ou dwe pale sa ak avoka w, oswa rele Liy Asistans Telefonik Biwo Defans Dwa Paran ak Timoun ACS la a frè envèse pou se Biwo an ki peye pou li nan (212) 619-1309 (soti lendi rive jedi, de 9 a.m. a 5p.m.).

Responsabilite W Kòm Paran

Kenbe Kontak

- ❖ Ou dwe fè efò pou w rete an kontak ak ptit ou. Byenke sa kapab difisil lè w nan prizon, li enpòtan anpil pou w konsève kopi dokiman yo epi pou w dokimante chak kontak ak tantativ kontak. Sa vle di ou dwe konsève yon lis tout randevou w yo (menmsi yo pa t rive fèt), tout apèl telefonik ou bay asistan sosyal ptit ou a ak moun k ap okipe I la (menmsi w te kite yon mesaj oswa pesonn pa t reponn telefòn nan) ak tout lèt, kat anivèsè oswa lòt korespondans ou voye (menmsi w resevwa yon repons). Yo prezante yon egzanp rejis nan paj 30-31.
- ❖ Asire w ou konsève tout lèt ak dokiman ou resevwa ki gen rapò ak dosye ACS ou a. Tout sa ede w montre asistan sosyal ou a ak jij la ou fè efò pou w ret an kontak ak ptit ou a ak ajans lan.
- ❖ Byenke ajans lan/ACS dwe fè efò ki rezonab pou kontakte w epi travay avèk ou, ou responsab tou pou w rete an kontak (atravè vizit, lèt oswa apèl telefonik) avèk ptit ou a ak asistan sosyal ou a, epi enfòme I sou deplasman w. Si w pa fè plan pou ptit ou a epi ou pa rete an kontak avèk li regilyèman, yo kapab anile dwa w kòm paran. Si yon peryòd 6 mwa pase epi ou pa t antre an kontak ak ptit ou a, ak asistan sosyal ou a oswa ajans fanmi akèy la, yo kapab konsidere ou abandone ptit ou a, epi ajans ou an kapab itilize sa a kòm motif pou anile dwa w kòm paran. Se sa k fè li enpòtan anpil pou w rete an kontak ak ptit ou ak asistan sosyal ou a regilyèman.
- ❖ Ou responsab pou w enfòme asistan sosyal ou a chak fwa yo transfere w nan yon lòt etablisman oswa w chanje adrès. Aprè yon chanjman lokal, ou dwe avèti I kou sa posib – si 6 mwa pase asistan w lan pa gen nouvèl ou, yo kapab konsidere sa kòm yon abandon epi li posib pou sa debouche sou anilasyon dwa w kòm paran.

Resous ACS

- ❖ Si w gen pwoblèm oswa ou gen kesyon konsènan dosye fanmi akèy ou a, ou kapab rele Liy Asistans Biwo Defans Dwa Paran ak Timoun nan 212-619-1309 a frè venvèse. **Liy Asistans** sa a **disponib soti lendi rive jedi, de 9 a.m. a 5 p.m.** Avan w rele, ou dwe pare pou bay enfòmasyon sa yo: **non w, non dosye a (non manman byolojik ou)**, nimewo **idantifikasyon** ou nan Eta New York (**New York State ID (NYSID)**)/nimewo **dosye** ou nan Eta New York, etablisman kote w rele a, ak **non ptit ou a/yo** ak **dat nesans li**. Ou kapab ekri biwo a tou nan:

Init Dwa Paran ak Timoun
Biwo Defans Dwa
Administrasyon pou Sèvis Timoun Vil New York
150 William Street, 1st floor
New York, NY 10038

- ❖ Pou plis enfòmasyon oswa pou w òganize yon vizit, tanpri rele Pwogram ACS la pou Timoun ki gen Paran nan Prizon (ACS' Children of Incarcerated Parents Program (CHIPP)) nan: (212) 341-4883. (212) 341-9669 oswa (212) 442-5041

Resous Ekstèn

- ❖ Biwo Mizanplas Sipò timoun: (212) 226-7125 (212) 206-7070
- ❖ Fortune Society:
- ❖ Osborne Association/
Liy Asistans Telefonik nan Sant
Resous Fanmi: (212) 344-3314
- ❖ Liy Gratis pou peyaj CHIPP: (212) 341-3322
- ❖ Vizit nan Rikers Island: (212) 341-4883
- ❖ Vizit nan nò Eta a (Manman): (212) 442-5041
- ❖ Vizit nan nò Eta a (Papa): (212) 341-9669

Modèl Demann ou PA Konparèt nan Tribunal Fanmi

Onorab (non Jij la isi a)

Adrès Awondisman Tribunal Fanmi an,

NY (Kòd Postal)

Seksyon _____/nimewo dosye

(Dat)

Chè Jij (Non),

Onorab Jij _____, lèt sa a se pou m mande pou yo leve
konparisyon m _____ devan w.

Mwen sousye m anpil de pitit mwen an/yo epi m ap planifye avni yo.
Aktyèlman, mwen nan prizon nan Etablisman _____
epi mwen mande pou m pa konparèt paske _____

(Egzanp: Mwen prèske fini ak pwogram pou paran/pwogram
tretman toksikomani CASAT mwen an) epi m ap pèdi pwogram sa a,
epi tan m ap pwolonje si m konparèt nan pwochen randevou
tribinal sa a. Pwogram sa a nesesè pou reyinifikasyon ak pitit mwen
an (yo).

Pou m fini ak plan sèvis mwen an epi pou m rantre lakay mwen ak
pitit mwen an (yo) kou sa posib, mwen mande pou m pa konparèt.
Mwen te diskite sou desizyon sa a ak avoka mwen ansanm ak
asistan sosyal mwen an.

(Ajoute kopi tout enfòmasyon ou gen sou pwogram nan,
sètifica achèvman, lèt konseye a oswa fasilitatè pwogram nan).

Sensèman,

Non ou

Etablisman w lan,

Nimewo Identifikasiyon Adrès

□ Lis verifikasyon nimewo 2: Responsabilite m kòm Paran

Planifikasyon

- ❖ Mwen dwe kapab montre mwen patisipe nan lavi pitit mwen an epi mwen dwe fè efò regilyèman pou m kominike ak pitit mwen an ak ajans lan.
- ❖ Mwen dwe patisipe nan elaborasyon yon plan pèmanans pou pitit mwen an ak yon plan sèvis pou dosye m nan.
- ❖ Mwen responsab pou m kowopere ak ajans lan epi ajans lan responsab pou I travay avèk mwen pou planifye avni pitit mwen. Ajans lan dwe sezi Tribunal pou I sispann travay avèk mwen; yo rele sa "sispansyon efò rezonab".

Kenbe Kontak

- ❖ Mwen konnen non asistan sosyal pitit mwen an, nimewo telefòn li, ak adres imèl li, epi mwen fè efò pou m kominike avèk li regilyèman nan telefòn, nan lèt, oswa nan lè visit.
- ❖ Mwen konnen nimewo telefòn ak adres ajans fanmi akèy kote yo plase pitit mwen an.
- ❖ Mwen konnen mwen dwe enfòme asistan sosyal mwen an sou tout deplasman m, ni lè yo transfere m ak lè m chanje adres/lokal. Mwen dwe enfòme I sou adres mwen regilyèman ak **omwen** chak 6 mwa.
- ❖ Mwen konsyan si m pa gen kontak (atravè vizit, pa lèt oswa apèl telefonik) ak pitit mwen an, ak asistan sosyal mwen an oswa ajans fanmi akèy la pandan yon peryòd 6 mwa, yo kapab konsidere sa kòm yon abandon bò kote pa m epi yo kapab itilize sa kòm motif pou anile dwa m kòm paran.
- ❖ Mwen dwe konsève tout korespondans ki konsène pitit mwen an. Si m pa kapab fè fotokopi lèt mwen yo, mwen dwe note dat mwen te voye yo a ak bay kilès mwen te voye yo nan yon rejis kontak. Rejis sa a dwe gen yon lis tout apèl telefonik ki fèt (menm lè m pa resevwa repons) ak yon achiv vizit mwen yo (ni sa yo te prevwa ki pa t rive fèt).

Bagay Enpòtan ou Dwe Konnen pou w Pale ak Avoka w la

- ❖ Avoka w la se yon resous ak yon defansè pou ou. Byenke li pa toujou fasil pou w jwenn li, ou kapab ekri l lèt tou ki gen kesyon ak enkyetid ou.
- ❖ Premye fwa w rankontre avoka w la, pran non l, nimewo telefòn li ak kowòdone l epi konsève yo yon kote an tout sekirite. Ou kapab ekri l tou nan Seksyon Enfòmasyon Enpòtan ki nan Liv sa a, nan paj 26.
- ❖ Avoka w la kapab ede w jwenn enfòmasyon sou dosye w la, sou ptit ou a, ak souasistan sosyal fanmi akèy ou a souvan.
- ❖ Li enpòtan pou w an kontak ni ak asistan sosyal ou a ni ak avoka w la. Avoka w la ap petèt kapab rele avoka ACS la pou ou epi pran enfòmasyon epi pataje enkyetid ou yo.
- ❖ Eseye aranje w pou w pale ak avoka w la avan w konparèt nan tribunal, menmsi se difisil.
- ❖ Mache ak tout dokiman w nan chak randevou tribunal ak nan chak rankont ak avoka w, tankou dosye medikal, dokiman jidisye, sètifikasi achèvman ak rekòmandasyon konseye a. Si w pa kapab deplase pou w pote dokiman sa yo paske w nan prizon, voye yo bay avoka w la pa lapòs. Ou pa dwe met nan tèt ou avoka w la gen dokiman w yo.

Onorab (**non Jij la isi a**)

Adrès Awondisman Tribunal Fanmi an,
NY (Kòd Postal)

Seksyon _____/nimewo dosye

(Dat)

Chè Jij (**Non**),

Non mwen se (**Mete non w isi a**) (**Dat ou fèt, nimewo NYSID, DOC/DOCS**). Aktyèlman mwen nan prizon nan (**Non etablisman an**). Mwen ekri ou paske mwen swete konparèt nan Tribunal Fanmi pou tout pwosedi konsènan ptit mwen an(yo). Mwen konprann yo dwe voye lòd pou konparèt la nan Biwo Achiv Detni Etablisman Eta m nan ak/oswa bay Grefye an Chèf Rikers Island lan.

Aktyèlman, mwen gen yon dosye fanmi akèy devan w konsènan ptit mwen an(yo), (**bay non an(yo), dat nesans ak nimewo Dosye a, si w konnen l**). Mwen ta renmen konparèt nan Tribunal ou a epi patisipe nan desizyon konsènan ptit mwen an(yo).

Mèsi pou èd ou.

Sensèman,

Non ou

Adrès etablisman w lan,
nimewo Idantifikasyon
w lan

Esplikasyon Mo yo Itilize Souvan Mo Ki Rapò ak Fanmi Akèy

- ❖ **Plasman Volontè:** Nan kontèks fanmi akèy ak adopsyon, yo itilize mo sa a pou pale de yon plasman volontè (chwazi) – ki opoze ak yon plasman enveloplant (yon tribunal ódone) – dwa paran yon paran byologik abandone (renonse). Se yon fason pou w fè yon aranjman pèmanan ak adoptif pou timoun nan san dwa w kòm paran pa anile. Sa vle di ou p ap gen dwa legal kòm paran sou pitit ou a ankò. Yon timoun "lib" legalman pou adopsyon lè paran an siyen yon dokiman Renonsiyasyon ofisyèl alekri oswa yon dokiman Konsantman pou Adopsyon, sa ki fèt jeneralman an prezans temwen ak/oswa yon Notè.
- ❖ **Abandon sou Kondisyon:** Nan New York, lalwa pèmèt yon paran byologik fè yon renonsiyasyon volontè jan yo dekri l pi wo a, men li dwe presize kèk kondisyon nan renonsiyasyon sa a. Paran ki abandone oswa ki renonse ak dwa l kòm paran sou timoun nan presize kèk eksepsyon pou sa nan dokiman renonsiyasyon alekri a. Paregzanp, paran an kapab deklare youn nan kondisyon renonsiyasyon an se pou l konsève dwa pou l rann pitit li a vizit aprè adopsyon. Men pa gen okenn garanti ki di y ap kapab aplike kondisyon renonsiyasyon an (menm tribunal la). Renonsiyasyon kondisyonèl aplikab sèlman pou timoun ki nan fanmi akèy.

Reprezantan Legal Ou nan Fanmi Akèy

- ❖ Asire w avoka w la konnen pou chak randevou tribunal, Jij la ap bezwen bay etablisman w lan yon "Òdonans pou Konparèt" pou yo mennen w nan randevou tribunal ou a. Avoka w la dwe mande Jij la youn pou chak randevou tribunal. Asire w avoka w la konnen ou vle konparèt pou chak randevou tribunal. Ou kapab ekri tribunal la tou oumenm; gen yon modèl lèt nan paj 23.
- ❖ Si w pa vle konparèt nan tribunal paske w pral pèdi pwogram ou (paregzanp), ou dwe diskite sa dabò ak avoka w la. Si yo dakò li preferab pou w pa konparèt, w ap jwenn yon modèl lèt pou w mande sa nan paj 24.
- ❖ Si w pa chwazi konparèt nan tribunal, tribunal la kapab pwosede san ou. Ou kapab bay avoka w la otorizasyon pou l reprezante w menmsi w pa la. Se enpòtan anpil pou w esplike poukisa w chwazi pa konparèt pou tribal la pa panse ou pa entèrese planifye pou pitit ou a epi pran desizyon pou li.
- ❖ Enfòme avoka w la epi mete l ajou konsènan dat liberasyon w lan.
- ❖ Si w gen yon dat liberasyon k ap apwoche, mande avoka w la si l kapab ede w enskri nan pwogram paran-pitit nan kominote w la, epi oryante w nan lòt sèvis nesesè tankou tretman toksikomani (pou dwòg), lojman, travay ak plis toujou.
- ❖ Fè yon rejis tout kontak ak ajans fanmi akèy la ak pitit ou a epi remèt avoka w la yon kopi. W ap jwenn yon modèl rejis nan fen gid sa a.
- ❖ Si w konnen w ap nan prizon pou anpil tan epi ou santi w gen konfyans nan moun k ap okipe pitit ou a, ou petèt vle diskite sou yon renonsiyasyon volontè oswa kondisyonèl avèk avoka w la. Yo defini yo nan paj 22.

Mande avoka w la:

- ❖ Enfòmasyon sou nimewo dosye w (si asistan sosyal ou a pa t gentan ba ou l) tankou non, nimewo telefòn ak adrès ajans fanmi akèy la, asistan sosyal la ak sipèvizè a;
- ❖ Kopi tout dokiman jidisyè ajans pwoteksyon timoun nan ak avoka w la te depoze;
- ❖ Non Jij Tribunal Fanmi an k ap etidye dosye w la;
- ❖ Nimewo dosye ka ou a;
- ❖ Yon kopi tout dokiman siplemantè avoka w la genyen an rapò ak ptit ou a ak dosye w la.

Mande avoka w la pou l:

- ❖ Kenbe w okouran sou tout randevou tribinal;
- ❖ Esplike w tout tèm jiridik ou pa konprann;
- ❖ Esplike w pwosedi fanmi akèy ak Tribunal Fanmi ak delè ASFA;
- ❖ Esplike w sa ki "objektif pèmanans" ptit ou a, kòman ak kilè sa kapab modifie ak kisa w kapab fè pou w reyalize li.

Aksyon avoka w la kapab poze nan non w:

- ❖ Si w gen difikilte pou w kontakte asistan sosyal fanmi akèy la, mande avoka w la ede w.
- ❖ Si w pa sèten kisa w dwe fè pou w rejwenn ptit ou a(yo), mande avoka w la pran ransèyman pou ou bò kot avoka ACS la, asistan sosyal li oswa sipèvizè l.
- ❖ Si w pa t prezan nan yon randevou tribunal, mande avoka w la ekri yon lèt esplikasyon sou sa ki pase a.
- ❖ Si ajans lan pa mennen ptit ou a vin wè w pou vizit mansyèl yo, mande avoka w la pou l pale sa ak avoka ACS la oswa ak asistan sosyal li.
- ❖ Si w pa resevwa vizit oswa lòt sèvis tribunal la oswa ajans lan egzije, mande avoka w la entèvni an favè w.

- ❖ **TPR:** Anilasyon dwa paran (TPR) se pwosesis jiridik ki anile lyen jiridik ant ou menm ak ptit ou a. Depi yo anile dwa w kòm paran, ou pa gen dwa legal pou wè ptit ou a oswa gen kontak avè l. Se yon desizyon serye definitif yo modifie raman. Gen de (2) gwo rezon ki kapab anile dwa w: abandon ak negligians pèmanan (tanpri gade pi ba a). Lè w nan prizon sa pa vle di ou "abandone" oswa "neglige" ptit ou a otomatikman epi yo pa kapab itilize sa kòm sèl rezon pou TPR. Men anmèm tan tou, menmsi w nan prizon, ou toujou dwe planifye avni ptit ou a aktivman.
- ❖ **Abandon:** Sa se youn (1) nan motif pou TPR. Kòm paran ki nan prizon, yo konsidere ou abandone ptit ou a lè w pa t gen okenn tip kontak avèk ptit ou a oswa ak asistan sosyal ou oswa ajans fanmi akèy ou a pandan yon peryòd 6 mwa. Se pou sa li enpòtan anpil pou w dokimante tout efò w pou w antre an kontak ak ptit ou a, pou w wè l, pale avèk li epi ransenyé sou li (ak vizit, apèl telefonik, lèt, eks.) Kèk kontak tanzantan pa sifi.
- ❖ **Neglijians Pèmanan:** Sa a se yon motif tou pou TPR. Kòm paran ki nan prizon, yo konsidere ou neglige ptit ou a yon fason pèmanan lè ptit ou pase 12 mwa nan fanmi akèy pou pi piti; ajans lan fè "efò dilijan" (efò reyèl epi konstan pou ede w, pou devlope epi ankouraje bon jan relasyon ant oumem ak ptit ou yo) oswa li te jwenn yon Òdonans yon Jij ki pa mande l fè sa; epi w pa kenbe kontak ak ptit ou a ak ajans lan regilyèman, oswa ou pa planifye avni ptit ou a.

Esplikasyon Mo Yo Itilize Souvan yo Mo Ki Gen Rapò ak Fanmi Akèy

- ❖ **Reyinifikasyon:** Pwosesis ki reyini w ak ptit ou a(yo) ankò epi ki rekonstwi fanmi w. Si objektif pèmanans ptit ou a se "retounen jwenn paran", sa yo rele yon objektif "reyinifikasyon" tou, ou dwe diskite avèk asistan sosyal ou a sou ki mezi ou dwe pran pou ptit ou a tounen jwenn ou. Menm lè ptit ou a pa kapab tounen vin jwenn ou avan yo libere w, ka gen sèvis ou kapab kòmanse pandan w nan prizon pou ede pwosesis reyinifikasyon an fèt, tankou vizit regilye. Lè w pre dat pou yo libere w, asistan sosyal ou a dwe pale avèk ou sou bezwen sèvis, aranjman de vi ak demach ou rete pou w fè pou w rejwenn ptit ou a.
- ❖ **Efò Rezonab/Dilijan:** Ajans fanmi akèy la/ACS dwe fè efò reyèl konstan pou ede w, pou devlope epi ankouraje bon jan relasyon ant ou menm ak ptit ou yo, epi pou ede w jwenn epi konplete sèvis ki nesesè pou ptit ou a(yo) tounen lakay ou.
- ❖ **Lòd pou Konparèt:** Se yon dokiman Tribunal Fanmi bay ki deklare etablisman koreksyonèl ou ladan I lan dwe mennen w nan tribunal fanmi nan dat yo fikse a. Si w konnen dat pwochen randevou tribunal la, ou bezwen asire w yo delivre yon òdonans. Pou w kapab fè sa, kontakte avoka w, asistan sosyal ou ak Konseye Koreksyonèl ou a. Menmsi li ka parèt yon enkonvenyan pou w konparèt, li enpòtan anpil pou w prezan nan tribunal la pandan y ap diskite epi pran dezisyon konsènan lavi ptit ou a.

Enfòmasyon Enpòtan pou Papa

Si ptit ou nan fanmi akèy oswa ou panse li kapab nan fanmi akèy, ou dwe kontakte ajans fanmi akèy kot ptit ou a plase a imedyatman. Si w pa konnen non ajans lan, ou kapab rele Liy Asistans Biwo ACS a frè vire nan (212) 619-1309, oswa liy asistans òdinè a nan (212) 676-9421 (soti lendi rive jedi, de 9 a.m. a 5 p.m.) Pou w egzèse dwa w kòm paran yo bay nan tiliv sa a, w ap bezwen etabli patènité (pwouve ou se papa legal la).

Fè enpòtan ou dwe konnen:

- ❖ Si w te marye oswa w marye ak manman an, otomatikman, yo konsidere w kòm papa tout ptit manman an ansent oswa fè epi w pa bezwen etabli patènité.
- ❖ Si w pa t marye avèk manman ptit ou a nan moman manman an te asent ptit ou a oswa fè I la, yo pa konsidere w kòm papa legal ptit ou a, epi ou bezwen pwouve patènité (pwouve ou se papa timoun la). Yo kapab pwouve patènité plizyè fason epi I ap debouche sou yon òdonans tribunal ki deklare ou se papa legal timoun nan.
- ❖ Non ou ki nan batistè a pa fè w papa legal timoun nan otomatikman. Paregzanp, li pa ba w dwa pou w opoze ak adopsyon ptit ou a. Si w konsanti fòmèlman pou non w nan batistè a, ou gen dwa pou yo enfòme w sou kèk pwosedi jidisyè.
- ❖ Menmsi w te viv nan menm kay avèk manman ptit ou a pandan plizyè ane epi ou panse ou se mari I de fèt, sa pa fè w papa legal timoun nan.

Pwouve Patènité

Si ptit ou a nan fanmi akèy, premye bagay ou dwe fè pou w eseye etabli dwa w kòm papa se enfòme asistan sosyal la se oumenm ki papa a, epi otorize asistan sosyal la pou l mennen ankèt. Enfòme asistan sosyal la sou enplikasyon w te geyen nan lavi ptit ou a, tankou si w te viv avèk timoun nan oswa ak manman l pandan 6 premye mwa nan lavi timoun nan; oswa ou te kontribye nan soutni timoun nan; oswa ou te kontribye nan pran swen timoun nan nan vant, oswa ou te patisipe nan yon lòt fason nan lavi timoun nan. Asistan sosyal la dwe travay avèk ou pou elabore yon plan sèvis epi ou dwe kòmanse kowopere avèk li kou sa posib.

Mezi ou kapab pran pou w pwouve oswa etabli patènité se:

- ❖ Depoze yon Rekonesans Patènité (deklarasyon sou sèman nan yon fòm yo preskri) nan Rejis Sipoze Papa a. Tanpri remake: Rekonesans sa a pa fè w papa legal ptit ou a, menmsi l ba w dwa pou yo enfòme w sou kèk pwosedi jidisyè.
- ❖ Depoze yon demann pou yon òdonans filyasyon (patènité) nan Tribunal Fanmi nan peyi kote timoun nan oswa manman timoun nan ap viv la.
- ❖ Fè manman an jwenn yon kopi demann ou an. Pou sa fèt, ou dwe fè yon moun ki depase 18 lane delivre yon kopi demann nan bay manman timoun nan. Sa ap enfòme manman an sou pwosedi patènité a nan Tribunal Fanmi pou l kapab vini.

aranjman pou viv, plan vizit pou yo kapab rete an kontak avèk ou, ak frè ak sè li yo (si yo pa nan menm kay), ak moun pwòch yo, ak lòt kesyon konsènan byennèt ak avni li. Ou gen dwa pou w patisipe nan toude konferans yo – si w nan prizon nan Rickers Island, ou kapab petèt patisipe fas-a-fas; si w nan Eta ki nan Nò yo, ou kapab petèt patisipe nan telefòn. Nenpòt jan, ou gen dwa pou w konnen sa k ap pase nan konferans sa yo.

- ❖ **Plan Sèvis ak Revizyon Plan Sèvis (SPR):** Plan sèvis la dekri ki sèvis ptit ou a(yo) bezwen pou byennèt ak bon devlòpman yo, epi ki sèvis ou bezwen pou fanmi an reyini. Plan sèvis lan se: sèvis yo; moun k ap bay referans nesesè; delè pou sa fèt; ak objektif pou atenn nan. Paregzanp, plan sèvis la kapab gen achèvman pwogram tretman pou moun ki pran dwòg ou an; vizit regilye epi souvan ant oumenm ak ptit ou a; terapi ptit ou a resevwa; ak reyinifikasyon nan moman liberasyon w ak lojman ou jwenn. Yo reyegzamine plan sèvis la de (2) fwa na ane a (chak 6 mwa) nan yon Konferans Ekip Fanmi (FTC). Ou gen dwa pou yo enfòme w (2 semèn alavans) epi pou w asiste rankont sa a (oswa patisipe apati konferans telefonik pandan w nan prizon) epi pou w patisipe nan dezisyon konsènan ptit ou a(yo). Ou gen dwa pou w reseswa yon kopi plan sèvis fanmi w lan nan 10 jou aprè egzamen an.

Esplikasyon Mo Yo Itilize Souvan yo Mo Ki Gen Rapò ak Fanmi Akèy

- ❖ **Asistan Sosyal:** Se moun sa a k ap travay sou dosye fanmi akèy fanmi w lan. Li travay swa pou ACS dirèkteman oswa pou yon ajans k ap travay pou ACS. Nan plizyè ka, yo kapab bay fanmi w plis pase yon (1) asistan sosyal.
- ❖ **Swen Fanmi:** Se lè ACS plase yon timoun kay yon paran ki gen otorizasyon pou l paran akèy. Menmsi timoun nan avèk paran w, sa se yon plasman nan fanmi akèy. KinGap fêt pou l soutni plasman pèmanan timoun fanmi akèy ki kay paran ki gen lyen san, maryaj, adopsyon oswa fiktif (ki pa gen lyen san) ak yo. Kin kapab Resous KinGap tou.
- ❖ **Plan pèmanans oswa objektik pèmanans:** Chak timoun ki nan fanmi akèy gen yon plan pèmanans ak yon objektif pèmanans. Yon plan pèmanans se yon plan pou garanti chak timoun gen yon fwaye estab, pèmanan epi an tout sekirite kou sa posib. Yon objektif pèmanans se sa plan an ap travay pou l atenn. Nan lòt sans, li dekri sa ki ka rive pitit ou a nan yon tan ki pa lwen. Paregzanp, objektik yon timoun kapab pou l retounen jwenn ou, pou yo plase l ak yon paran, pou yo adopte l oswa pou l rete nan fanmi akèy jiskaske l kapab viv tankou yon adilt ki endepandan.
- ❖ **Konferans sou Ekip nan Fanmi:** Si yo retire pitit ou a lakay ou (oswa lakay yon lòt responsab) ACS ap òganize yon **Konferans sou Sekirite Timoun nan 72 èdtan** kote moun ki enplike nan lavi pitit ou a ak ACS reyini pou diskite sou sa ki pi bon pou pitit ou a. Apeprè yon mwa après, ap gen yon **Konferans Ekip Fanmi pandan 30 jou** pou yo egzamine sa ki rive depi aprè premye konferans lan epi pou yo kontinye planifye pou pitit ou a. Konferans sa yo ap diskite rezon kifè yo retire pitit ou a lakay li, sou lavi pitit ou a

Enfòmasyon Enpòtan pou Papa

Etabli patènité (kontinye):

- ❖ Si yo fè anpil tantativ rezonab pou yo voye dokiman legal bay manman an epi yo dokimante tantativ anwya sa yo apati deklarasyon sou sèman, tribunal la kapab otorize yo "voye yo pa lòt mwayen", tankou voye yon lèt nan dènye adrès yo konnen an; pibliye yon anons nan yon jounal lokal; oswa afiche yon avi jiridik nan biwo pòs lokal la.
- ❖ Si nan dat pwose a manman an dakò ou se papa timoun nan, Jij la kapab jije patènité a pwouve. Si manman an pa dakò se ou ki papa a, Jij la kapab òdone fè yon tès ADN pou pwouve patènité a, epi yo kapab mande w peye pou li.
- ❖ Yon fwa patènité a pwouve, ou gen dwa pou w mande vizit ak pitit ou a epi pou w enplike nan pwoesisis planifikasyon pèmanans lan (sof si yon desizyon jistis kont sa). Si patènité a pa pwouve, ou pa gen dwa legal pou w resevwa vizit oswa pou w di yon mo sou plan pèmanans pitit ou a. Men, ou kapab toujou gen dwa pou yo enfòme w sou pwosedi jidisyè konsènan pitit ou a; mande avoka w la lis faktè ki fè yon papa yon "papa notifikasiyon".
- ❖ Rekonesans patènité pa ba w dwa nesesèman pou w kanpe yon pwosedi adopsyon. Pou w fè sa, ou dwe te gen "kontak konsiderab epi repeète" avèk pitit ou a jan pèman sipò timoun rezonab ak swa vizit chak mwa oswa komunikasyon regilye ak pitit ou a montre sa (sòf si lòt pati te anpeche sa).
- ❖ Pou w aprann plis sou kòman pou w vin papa legal pitit ou a, pale avèk avoka w la oswa kontakte Biwo Defans Dwa ACS la. Ale nan paj 25 pou plis enfòmasyon.

Enfòmasyon Enpòtan pou Papa

Aprè w fin pwouve patènite, si w swete gen gad ptit ou a kou w libere:

- ❖ Avan yo libere w, pale ak asistan sosyal ou a sou pwojè ak entansyon w yo.
- ❖ Ou dwe depoze yon demann pou sa nan Tribunal Fanmi. Menm jan ak nan sitiayson pou prèv patènite, yon fwa ankò, y ap gen pou voye yon kopi demann gad la bay manman an. Sa fèt menm jan ak prèv patènite.
- ❖ Tribunal la ap òdone ajans lan pou l mennen yon ankèt sou lakay ou (Ankèt Tribunal Òdone oswa COI) epi pou l soumèt tribal la yon rapò sou konklyzon ak rekòmandasyon l yo.
- ❖ Avoka ptit ou a, yo rele li yon Responsab Legal, ap pale avèk ptit ou a pou l konnen sa li vle, si se nesesè.

Sipò timoun

- ❖ Kou patènite a pwouve, yon papa vin responsab sipò timoun timoun nan, kit ou pa kapab resevwa vizit ptit ou a(yo) oswa ou pa gen gad yo.
- ❖ Manman ki mande sipò timoun dwe gen gad ptit li a(yo) epi li dwe gen yon òdonans filyasyon epi li kapab depoze yon demann nan tribunal pou l gen youn.
- ❖ Fanmi ak zanmi ki gen gad yon timoun kapab depoze yon demann pou sipò timoun tou.
- ❖ Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sipò timoun, tanpri rele Biwo Mizanplas Sipò timoun la nan: (212) 226-7125.

Esplikasyon Mo Yo Itilize Souvan yo Mo Ki Gen Rapò ak Fanmi Akey

- ❖ **ACS:** Administrasyon Sèvis pou Timoun (Administration for Children's Services, ACS) nan se ajans pwoteksyon timoun nan Vil New York. ACS ofri timoun ak fanmi sèvis dirèk epi li travay tou ak divès fanmi akèy ak ajans prevansyon ki bay sèvis sa yo. Yo kapab plase ptit ou yo nan youn (1) oswa plis pase youn (1) nan ajans sa yo. Si w patisipe nan sèvis pwoteksyon pou timoun an deyò Vil New York, y ap plase ptit ou a nan Depatman Sèvis Sosyal Konte a (pa nan ACS) k ap responsab ptit ou a.
- ❖ **ASFA:** Lwa sou Adopsyon ak Sekirite Fanmi (Adoption and Safe Families Act, AFSA) se yon lwa federal yo te adopte an 1997. Lwa sa a di timoun bezwen yon fwaye pèmanan epi li pa otorize yo rete nan fanmi akèy ane aprè ane. Sa vle di ou bezwen pran dispozisyon pèmanan pou ptit ou nan yon delè anviwon yon (1) lane aprè plasman yo nan fanmi akèy. Yo rele dispozisyon sa a objektif pèmanans ptit ou a (ale nan definisyon pi ba a) epi li kapab fè w rejwenn ptit ou a, fè l rejwenn fanmi l, fè yo adopte l. Si ptit ou a toujou nan fanmi akèy 15 mwa aprè dosye w la kòmanse, gen gwo risk pou yo anile dwa w kòm paran. Pou w pwoteje dwa w kòm paran, ou dwe montre ou te travay sou yon dispozisyon pèmanan pou ptit ou a oswa w ap travay sou sa epi ou dwe gen kontak regilye avèk ptit ou ak asistan sosyal ou a. Kòm paran ki nan prizon, si w anvizaje rejwenn ptit ou a, li enpòtan anpil pou w montre w ap planife avni ptit ou a aktivman.